Государственное бюджетное общеобразовательное учреждение
«Средняя общеобразовательная школа №7 с.п. Пседах»

| « РАССМОТРЕНО» | «СОГЛАСОВАНО» | «УТВЕРЖДЕНО» |
|---|---|---|
| на заседании методического объединения | Зам.директора по УВР | Директор ГБОУ «СОШ№7 с.п.Пседах» |
| Чентиева Р.У. | Цечоева Ж.С | Коттоева А.Б. |
| Протокол №1 от «25» августа 2023г. | Протокол №1 от «31» августа 2023г. | Приказ №1 от «01» сентября 2023г. |

# *Рабочая программа по предмету*

# *«Чеченский язык 8 класс»*

## *Всего: 68 часов*

## *(2ч. в неделю)*

*на 2023-2024 учебный год.*

*Составитель: Учитель чеченского языка и литературы*

*Энгиноева К.Н,*

# Кхеторан кехат

Документан бух

8-г1а классан нохчийн маттана лерина долу х1ара документ кхоьллина юкъара дешаран а, коьрта юкъара дешаран а пачхьалкхан программин буха т1ехь. Программо предметан чулацам схьа а боьллу, бовза а бовзуьйту, билгалбоккху. Белхан программо, нохчийн мотт 1аморан 1алашонца цхьаьна а дог1уш, дешархой кхиоран, кхеторан, 1аморан а юкъара некъаш довзуьйту. *Нагахь санна карантине дахана меттиг хилахь, нохчийн мотт 1аморан болх х1окху кепара д1ахьор бу; ватсап, мессенджер, теоретически г1ирс, тесташ, презентаци.*

Документан д1ах1оттам

Нохчийн меттан белхан программа дийна цхьа документ ду, цу юкъадог1у:

– кхеторан кехат;
– дешаран-тематикин план;
– дешархойн хаарийн т1ег1а;
– дешаран методикин болх кхочушбан оьшу г1ирсаш билгалбахар.

Дешаран предметан юкъара характеристика

Нохчийн мотт – иза нохчийн къоман а, Нохчийн республикин пачхьалкхан а мотт а, къоман историн, культурин бух а бу. Мотт адамийн дахарехь уггаре мехала гӀирс бу. Цуьнца доьзна ду къоман кхиар а.

Юккъерчу юкъарадешаран хьукматехь ша-тайпа меттиг дӀалоцу нохчийн матто. Иза вовшашца юкъаметтигаш дӀаккхехьарехь, гонахара дахар довзарехь, кхетош-кхиорехь мехала гӀирс бу. Дешаран декхар кхочушдарехь ненан матто ден г1уллакх ч1ог1а мехала ду. Ненан маттахь ечу ойлано 1амочух кхета гӀо до берашна. Ненан мотт хааро дешархошна гӀо до гонахарчу дуьнене болу кхетам а, цунах лаьцна долу хаарш а шордан а, боккхачу кхиамца оьрсийн а, кхи долу меттанаш а, дешаран предметаш а 1аморехь ненан маттехь г1ортор каро а. Цу шина матго дешар 1аморехь, кхетамца кхиарехь бокхха аьтто бо.

Хьехархо деккарийлахь ву нохчийн меттан хазалла, цуьнан марзо дешархошна йовзийта а, берашкахь ненан матте безам кхио а. Цуьнца цхьаьна хьехархочо кхочушдан деза патриотизман, халкъийн доттаг1аллин ойланехь дешархой кхетош-кхиор. Ишколехь ненан мотт хьехар меттан 1илманан буха т1ехь д1ахьош хила деза.

Дешаран хьукматехь мотт хьехаран методех кхетаме пайдаэцар на хилча цаторуш ду.